# «HUDUDGAZQARAQALPAQSTAN»ГАЗ ТӘМИЙНАТЫ ФИЛИАЛЫ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИНИҢ ҚАРАРЫ

**Меҳрибанлық үйи тәрбияланыўшыларының келешекте өз кәсиби ҳәм өнерине ийе болыўы ушын оларды кеперлеў, темиршилик ҳәм тигиўшилик кәсиплерине оқытыў ҳаққында**

Меҳрибанлық үйи тәрбияланыўшыларының келешекте өз кәсиби ҳәм өнерине ийе болыўы ушын оларды кеперлеў, темиршилик ҳәм тигиўшилик кәсиплерине оқытыў ҳаққында ҳәм де бос ўақытларын мазмунлы өткериўин тәмийинлеў мақсетинде “Hududgaz Qoraqalpog'iston” газ тәмийнаты филиалы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги қарар етеди:

1. «Hududgazta’minot» акционерлик жәмийети ҳәм Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигинин “Меҳрибанлық үйи тәрбияланыўшыларының келешекте өз кәсиби ҳәм өнерине ийе болыўы ушын оларды кеперлеў, темиршилик ҳәм тигиўшилик кәсиплерине оқытыў ҳаққында”ғы 2021-жыл 16-март күнги 14-К/Қ ҳәм 01/01-санлы қарары орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине қараслы Меҳрибанлық үйи тәрбияланыўшыларын “Hududgaz Qoraqalpog'iston” газ тәмийнаты филиалы имканиятларынан пайдаланыў арқалы кәсиплик шеберлигин асырыў ҳәм бос ўақытларын мазмунлы шөлкемлестирилсин.

3. Тәрбияланыўшыларды кеперлеў, темиршилик ҳәм тигиўшилик кәсиплерине оқытыў бойынша жоба-кесте 1-қосымшаға, оқыў темалары 2-қосымшаға, темиршилик ҳәм тигиўшилик бағдарлары бойынша кәсип-өнерге оқытыў ушын керекли болған әсбап-үскенелер дизими 3-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4. “Hududgaz Qoraqalpog'iston” газ тәмийнаты филиалының аймақлық бөлимлери балансында болған әсбап-үскенелер (оқыў курслары даўиринде ўақтынша) Меҳрибанлық үйи тәрбияланыўшыларын әмелий шынығыўлар өтиў ушын дизим тийкарында пайдаланыўға ажыратылыўын тәмийинленсин.

5. “Hududgaz Qoraqalpog'iston” газ тәмийнаты филиалы қурамындағы газ тәмийнати бөлимлери баслықларына:

- Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги менен биргеликте Меҳрибанлық үйи бойынша 2-қосымшаға тийкарланып, тастыйықланған жоба-кестеге муўапық жумысларды шөлкемлестириў;

- Меҳрибанлық үйи тәрбияланыўшы ул бала ушын газ хожалығы бағдары бойынша кеперлеў ҳәм темиршилик лабораториясы,

тәрбияланыўшы қыз балалар ушын –тигиўшилик кәсип-өнерге оқытыў ушын кабинет ҳәм де әмелият ханаларын зәрүрли әсбап-үскенелер менен (оқыў курслары даўиринде ўақтынша) тәмийинлеў;

- кәсип-өнреге оқытыў бойынша “Hududgaz Qoraqalpog'iston” газ тәмийнаты филиалынан қәниге, жаслар менен ислесиў көнликпеси ҳәм педагогикалық шеберлигине ийе қәнигелерди ажыратқан ҳалда тәрбияланыўшы ул балалар ушын газ хожалығы бағдары бойынша кепсерлеў ҳәм темиршиликбағдарлары бойынша өз билим ҳәм әмелий көнликпелерин “Устаз-шәкирт” дәстурине муўаыпқ шөлкемлестириў ўазыйпалары жүклетилсин.

6. Меҳрибанлық үйи (С.М.Сон) меҳрибанлық үйи тәрбияланыўшылары тәрепинен жоқарыдағы кәсип ҳәм онерлерди пухта ийелеўлери ушын меҳрибанлық үйинде арнаўлы класс ханасы ҳәм әмелият ханаларын ажыратсын.

7. Усы қарардың орынланыўын қадағалаўды Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрининң орынбасары Ш.Таджимуратовқа ҳәм “Hududgaz Qoraqalpog'iston” газ тәмийнаты филиалының орынбасары Б.Аймурзаевқа жүклетилсин.

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министри Р.Реимов

Нөкис қаласы
2021 жыл “25” март
8 5/4 -санлы

“Hududgaz Qoraqalpog'iston”
газ тәмийнаты филиалы
директоры Х.Айманов

Нөкис қаласы
2021 жыл “___” март
___________ -санлы